ТЫЗЭКЪОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!

# Адыгэ макъ

Голос адыга

1923-рэ илъэсым
гъэтхапэм
къыщегъэжьагъэу къыдэкIы

№ 40 (21053)

2016-рэ илъэс

БЭРЭСКЭШХУ
ГЪЭТХАПЭМ и 11

къыхэтыутыгъэхэр ыкIи
нэмыкI къэбархэр
тисайт ижъугъотэщтых
WWW.ADYGVOICE.RU

Адыгэ Республикэм и Правительствэ игъэзет




# ПшъэдэкIыжьэу арагъэхьырэр агъэлъэшыгъ

**Къолъхьэ тын-Iыхыным пэшIуекIогъэным фэгъэзэгъэ республикэ комиссием зичэзыу зэхэсыгъоу тыгъуасэ иIагъэр зэрищагъ Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан. Iофтхьабзэм хэлэжьагъэх АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Владимир Нарожнэр, Адыгеим и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, федеральнэ инспектор шъхьаIэу ЛIыIужъу Адам, хэбзэухъумэкIо къулыкъухэм ыкIи муниципальнэ образованиехэм япащэхэр, нэмыкIхэри.**



ЧIыгум, мылъкум, къэлэгъэпсыным, бэдзэр Iофхэм, подряднэ зэзэгъыныгъэхэр зэдэшIыгъэнхэм япхыгъэ Iофтхьабзэхэм язэшIохын къолъхьэ тын-Iыхыныр къахэмыфэным фэгъэхьыгъэу къэгущыIагъ республикэм ипрокурор шъхьаIэу Василий Пословскэр. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, блэкIыгъэ илъэсым къолъхьэ тын-Iыхыным ылъэныкъокIэ хэбзэгъэуцугъэр гъогогъу 2279-рэ аукъуагъэу прокурорхэм къыхагъэщыгъ. Хьыкумхэм лъэIу тхылъи 142-рэ aIэкIагъэхьагъ, IэнатIэ зыIыгъ пэщэ 586-мэ дисциплинарнэ, нэбгырэ 77-мэ административнэ пшъэдэкIыжьхэр арагъэхьыгъ. Хьыкумхэм материал 39-рэ aIэкIагъэхьагъ, ахэм къакIэлъыкIоу уголовнэ Iоф 36-рэ къызэIуахыгъ. ЧIыгум ыкIи мылъкум ягъэфедэн, къэлэгъэпсыным коррупционнэ нэшанэ ахэмылъыным фэгъэхьыгъэ хэбзэгъэуцугъэр гъэцэкIагъэ зэрэхъурэм лъыплъэгъэныр прокурорхэм япшъэрылъ шъхьаIэу щыт. ЧIыпIэ зыгъэIорышIэжьын къулыкъухэм мы лъэныкъомкIэ анахь хэукъоныгъэшхоу къахагъэщыгъэр законым димыштэу шэпхъэ актхэр зэраштэхэрэр, ахэм коррупционнэ нэшанэ ахэлъэу къызэрэхэкIырэр ары. ЧIыгум, къэлэгъэпсыным, къэралыгъо ыкIи муниципальнэ мылъку зэфыщытыкIэхэм ягъэзекIон ылъэныкъокIэ щыIэ шэпхъэправовой акт 359-рэ прокурорхэм ауплъэкIугъ. Ахэм ащыщэу 118-мэ коррупционнэ нэшанэ ахэлъэу къыхагъэщыгъ, 2014-рэ илъэсым а пчъагъэр 32-рэ ныIэп зэрэхъущтыгъэр. Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ мылъкур зэрагъэфедэрэм ылъэныкъокIэ хэбзэгъэуцугъэр гъогогъу 47-рэ аукъуагъ, IэнатIэ зыIыгъ пэщи 8-мэ дисциплинарнэ пшъэдэкIыжь арагъэхьыгъ, зы уголовнэ Iоф къызэIуахыгъ. УплъэкIунхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, муниципалитетхэм ащыщхэм фитыныгъэ ямыIэу амыгъэкощырэ мылъкум ипсэуалъэхэр бэджэндэу атыгъэх. АщкIэ Василий Пословскэм щысэхэр къыхьыгъэх, хэбзэгъэуцугъэр зыукъуагъэхэм пшъэдэкIыжь арагъэхьыгъэу къыIуагъ. Ау мыщ дэжьым гумэкIыгъо шъхьаIэу къэуцурэр законыр зыукъуагъэхэм къэралыгъом, республикэм рахыгъэ зэрарыр къызэрэзэкIагъэкIожьырэм уигъэрэзэнэу зэрэщымытыр ары. Хьыкумым ащкIэ унашъо ышIыгъэми, ахъщэу бюджетым къихьажьырэр мэкIэ дэд. Прокуратурэм, хэбзэухъумэкIо ыкIи гъэцэкIэкIо къулыкъухэм ямызакъоу, обществэри къолъхьэ тын-Iыхыным пэшIуекIон зэрэфаер ащ къыхигъэщыгъ, пшъэрылъ шъхьаIэхэр, тапэкIэ анахьэу анаIэ зытырагъэтыщт лъэныкъохэр къыгъэнэфагъэх.

АР-м мылъку зэфыщытыкIэхэмкIэ и Комитет итхьаматэу Ирина Бочарниковам къызэриIуагъэмкIэ, коррупцием пэшIуекIогъэнымкIэ Лъэпкъ стратегием игъэцэкIэн илъэныкъо шъхьаIэхэм ащыщ къэралыгъо мылъкур учет шIыгъэныр, ащ игъэфедэн шIуагъэу къытырэм уасэ фэшIыгъэныр. Ащ пае, республикэм иунэе мылъку илъэс къэс къалъытэжьы, кIатхыкIыжьы, хэбзэгъэуцугъэм диштэу приватизацием зэхащэ.

Мы Iофыгъом мэхьанэшхо зэриIэр, амалэу щыIэр зэкIэ бгъэфедэзэ къолъхьэ тын-Iыхыным пэшIуекIогъэн зэрэфаер АР-м и ЛIышъхьэ къыIуагъ.

— *Хэбзэгъэуцугъэр зыукъуагъэм пытагъэ хэлъэу пшъэдэкIыжь ыхьын, ащ дакIоу къэралыгъом зэрарэу рихыгъэр къыпщыныжьын фае. Мы лъэныкъомкIэ щыкIагъэхэр зэрэщыIэр нафэ, къызэкIагъэкIожьын фэе ахъщэм щыщэу бюджетым къихьажьырэр мэкIэ дэд. АщкIэ хьыкум приставхэм яIофшIэн нахь агъэлъэшыным, япшъэрылъхэр зэрифэшъуашэу агъэцэкIэнхэм мэхьанэшхо иI. Республикэ чIыгухэр, амыгъэкощырэ мылъкур тиучет хэтынхэ, ахэм ягъэфедэн шIуагъэ къытын фае,* — къыIуагъ ТхьакIущынэ Аслъан.

ЧIыгу зэфыщытыкIэхэм ямызакъоу, нэмыкI лъэныкъохэмкIи хэбзэгъэуцугъэр укъуагъэ мыхъунымкIэ, ащ къолъхьэ тын-Iыхыныр къыхэмыхьанымкIэ зишIогъэшхо къэкIорэ цIыфхэм яфэIо-фашIэхэр зыгъэцэкIэрэ лъэныкъуабэ къызэлъызызыубытырэ гупчэхэм амалэу къатырэр гъэфедэгъэным мэхьанэшхо иIэу КъумпIыл Мурат къыIуагъ. МФЦ-м шIуагъэу къатырэр цIыфхэм агурыгъэIогъэным пае муниципалитетхэм яIофшIэн нахь агъэлъэшынэу афигъэпытагъ. Мы Iофыгъом епхыгъэу нэужым къэгущыIагъэх ыкIи зэфэхьысыжьхэр къашIыгъэх АР-м архитектурэмрэ къэлэгъэпсынымрэкIэ и Комитет итхьаматэу Зезэрэхьэ Азэмат, район администрациехэм япащэхэу Хьамырзэ Заур, Тхьэлъэнэ Вячеслав, Шъхьэлэхъо Азмэт.

Къолъхьэ тын-Iыхыным пэшIуекIогъэным епхыгъэу республикэ СМИ-м Iофэу ашIэрэм изэфэхьысыжьхэм къатегущыIагъ АР-м лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет итхьаматэу Шъхьэлэхъо Аскэр. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, 2015-рэ илъэсым мы Iофыгъом фэгъэхьыгъэ материали 120-рэ республикэ журналистхэм къагъэхьазырыгъ. Ау нэмыкI социальнэ мэхьанэ зиIэ лъэныкъохэм ягъэпшагъэмэ, коррупцием пэшIуекIогъэныр къизыIотыкIырэ къэтынэу, хэутынэу къэбар жъугъэм иамалхэм къагъэлъагъорэр ыкIи къатхырэр нахь макI. А щыкIагъэр дэгъэзыжьыгъэным пае публикациехэр, анахьэу муниципальнэ СМИ-м, нахьыбэ ашIынхэ фаеу Комитетым ипащэ ылъытагъ.

— *Къолъхьэ тын-Iыхыным пэшIуекIогъэным фэгъэхьыгъэ материалхэр СМИ-м нахьыбэу къарыхьанхэм мэхьанэшхо иI. Ау мыщ дэжьым журналистым итхыгъэ, ирепортаж шъыпкъагъэ хэлъэу ыгъэпсын фае. ЗиIофшIэн ащ фэдэ екIолIакIэ фызиIэ пстэуми тэ сыдигъуи адедгъэштэщт,* — къыIуагъ кIэухым ТхьакIущынэ Аслъан.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

*Сурэтхэр А. Гусевым тырихыгъэх.*



# Iофэу ашIагъэр зэфахьысыжьыгъ

**УФ-м и МЧС исистемэ хахьэу ыкIи цIыфхэр къэухъумэгъэнхэм афэгъэзэгъэ къулыкъухэу республикэм иIэхэм ошIэ-дэмышIэ Iофхэр къэмыхъунхэмкIэ ыкIи къэхъугъэхэм къыздахьыгъэ тхьамыкIагъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэмкIэ 2015-рэ илъэсым Iофэу ашIагъэр зыщызэфахьысыжьыгъэ игъэкIотыгъэ зэхэсыгъо тыгъуасэ АР-м и Правительствэ зычIэт Унэм щыкIуагъ.**



Ащ хэлэжьагъэх АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан, УФ-м и МЧС и Къыблэ шъолъыр Гупчэ ипащэу игуадзэу Александр Кобяцкэр, АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, федеральнэ инспектор шъхьаIэу ЛIыIужъу Адамэ, АР-м ипрокурор шъхьаIэу Василий Пословскэр, нэмыкIхэр.

АР-м и ЛIышъхьэ пэублэ псалъэу къышIыгъэм цIыфхэм якъэухъумэн епхыгъэ Iофтхьабзэу блэкIыгъэ илъэсым агъэнэфэгъагъэр зэкIэри зэшIохыгъэ зэрэхъугъэр пстэумэ апэу къыщыхигъэщыгъ.

— ОшIэ-дэмышIэ Iоф къэмыхъуным лъыплъэгъэным ыкIи къэхъугъэмэ цIыфхэм игъом макъэ ягъэIугъэным фэгъэзэгъэ системэм игъэпсын анахьэу тынаIэ атедгъэтыгъ, — къыIуагъ ащ. — БлэкIыгъэ илъэсым ошIэ-дэмышIэ Iоф республикэм къызэримыхъухьагъэм Iофтхьабзэхэм шIуагъэ къызэратыгъэр къеушыхьаты.

УФ-м и МЧС ипащэу Владимир Пучковыр джырэблагъэ Адыгеим къызэкIом цIыфхэм якъэухъумэн, ошIэ-дэмышIэ Iоф къэмыхъуным лъыплъэгъэным ыкIи къэхъугъэхэм тхьамыкIагъоу къыздахьыгъэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэм афэгъэзэгъэ къулыкъоу республикэм иIэхэм яIофшIэн осэ ин къызэрэфишIыгъэр ЛIышъхьэм игуапэу къыхигъэщыгъ. Арэу щытми, шIагъэ хъугъэм укъыщыуцу зэрэмыхъущтми, Iофыгъохэр джыри зэрэщыIэхэми ащ кIигъэтхъыгъ. ЦIыфхэм якъэухъумэн фэгъэзэгъэ къулыкъухэм яштат зэримыкъурэр, цIыфэу республикэм исым телъытагъэмэ, нэбгырэ 600-р зэрэмакIэр, Мыекъопэ ыкIи Тэхъутэмыкъое районхэм мэшIогъэкIосэ къулыкъум иподразделениеу арытыр зэримыкъурэр къыхигъэщыгъэх, ахэр Федеральнэ министрэм зэрэлъагъэIэсыгъэхэр, IэпыIэгъу къафэхъунэу къызэригъэгугъагъэхэр къыIуагъ.

ОшIэ-дэмышIэ Iоф къэмыхъуным лъыплъэгъэным ыкIи къэхъугъэхэм къыздахьыгъэ тхьамыкIагъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэм афэгъэзэгъэ къулыкъухэм яIофшIэн осэ ин къыфишIыгъ УФ-м и МЧС и Къыблэ шъолъыр Гупчэ ипащэ игуадзэу Александр Кобяцкэми. Ом къыздихьыгъэу е нэмыкI ошIэ-дэмышIэ Iофэу республикэм къихъухьагъэхэм тхьамыкIагъоу къыздахьыгъэхэр игъом ыкIи икъоу зэрэдагъэзэжьыгъэхэр, Iофтхьэбзэ пстэури шапхъэхэм адиштэу зэрагъэцэкIагъэхэр, щыкIагъэу а хъугъэшIагъэхэм къапкъырыкIыгъэхэр дэгъэзыжьыгъэ зэрэхъугъэхэр ащ къыхигъэщыгъ. А зэпстэум ыкIи ошIэ-дэмышIэ Iоф къэмыхъуным лъыплъэгъэным епхыгъэу Iофышхо республикэм зэрэщызэшIуахыгъэм апае пащэхэми, зэкIэ къулыкъоу ащ фэгъэзэгъагъэхэми «тхьашъуегъэпсэу» къариIуагъ. Джащ фэдэу Украинэм, Республикэу Къырым IэпыIэгъоу аратыгъэм пае къызэрафэразэхэр ащ къыхигъэщыгъ.

Нэужым УФ-м и МЧС АР-мкIэ и ГъэIорышIапIэ 2015-рэ илъэсым Iофэу ышIагъэр къызэфихьысыжьыгъ ащ ипащэу ХьацIыкIу СултIан. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, пстэумкIи подразделение 17 яI, ар нэбгырэ 479-рэ мэхъу, техникэ зэфэшъхьафэу 85-рэ агъэфедэ. Зы чэщ-зымафэм нэбгырэ 90-мэ ыкIи техникэ зэфэшъхьафэу 25-мэ къулыкъу ахьы. МэшIогъэкIосэ къулыкъум епхыгъэ подразделениехэм республикэм ит псэупIэхэм япроцент 90-р ары зэлъаубытырэр. ПстэумкIи блэкIыгъэ илъэсым гъогогъу 258-рэ машIом зыкъыштагъ, ахэм нэбгырэ 16 ахэкIодагъ, 8-мэ шъобжхэр атещагъэхэ хъугъэ, сомэ миллион 67-рэ ауасэ зэрар къахьыгъ. Нэбгырэ 397-рэ ыкIи сомэ миллион 292-рэ ауасэ мылъку мэшIогъэкIуасэхэм къагъэнэжьыгъ.



Республикэм ит объект 1223-р машIор къэмыхъуным е ащ зыкъыштагъэмэ узэребэныщтым зэрэфэхьазырхэр зауплъэкIум, физическэ лицэ 359-мэ ыкIи юридическэу 5-мэ административнэ пшъэдэкIыжь арагъэхьыгъ, пстэумкIи тазырэу сомэ миллиони 3-рэ мин 374-рэ атыралъхьагъ.

Джащ фэдэу АР-м цIыфхэр къэухъумэгъэнхэмкIэ ыкIи ошIэдэмышIэ IофхэмкIэ и Комитет Iофэу ышIагъэр ащ ипащэ къызэфихьысыжьыгъ, муниципальнэ образованиехэм ащыщхэм мы лъэныкъомкIэ ащызэшIуахыгъэхэм ахэм япащэхэр къатегущыIагъэх.

АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат пстэури къызэфихьысыжьызэ, илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, ом къыздикъыгъэу е нэмыкIэу тхьамыкIагъуабэхэм республикэр зэрарихьылIагъэр, ау сыдигъокIи ахэр игъом ыкIи икъоу дэгъэзыжьыгъэнхэм зэкIэ ащ фэгъэзагъэхэм акIуачIэ зэрахалъхьагъэр, нэужым ащ фэдэ къэмыхъуным лъыплъэгъэным епхыгъэ Iофэу ашIагъэр зэрэмымакIэр къыхигъэщыгъ, хэлэжьагъэхэм зэкIэми «тхьашъуегъэпсэу» къариIуагъ, тапэкIи ащ тетэу Iоф ашIэным зэрэфэхьазырхэм къыкIигъэтхъыгъ.

Пстэумэ ауж АР-м и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан ошIэ-дэмышIэ Iофхэр къэмыхъунхэм ыкIи къэхъугъэхэм тхьамыкIагъоу къыздахьыгъэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэм ынаIэ зэрэтетым, ащ иIахь мымакIэу зэрэхилъхьэрэм афэшI УФ-м и МЧС зыщыIэр илъэс 25-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ медаль къыфагъэшъошагъэу ар къэзыушыхьатырэ бгъэхалъхьэмрэ тхылъымрэ ХьацIыкIу СултIан къыритыжьыгъэх. Джащ фэдэу УФ-м и МЧС АР-мкIэ и ГъэIорышIапIэ иIофышIэхэм ащыщхэр щытхъу тхылъхэмкIэ къыхагъэщыгъэх.

**ХЪУТ Нэфсэт.**

*Сурэтхэр А. Гусевым тырихыгъэх.*

# Адыгеим апэрэу щызэхащагъ



**Сэнэхьат зэфэшъхьафхэмкIэ IэпэIэсэныгъэу аIэкIэлъыр зыщаушэтырэ апэрэ шъолъыр чемпионатэу «Worldskills Russia» зыфиIорэр Адыгэ кIэлэегъэджэ колледжым мэфэкI шIыкIэм тетэу къыщызэIуахыгъ.**

Iофтхьабзэм хэлэжьагъэх Премьер-министрэм игуадзэу Наталья Широковар, АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ иминистрэу Хъуажъ Аминэт, «Worldskills Russia» зыфиIорэ шъолъыр программэм ипащэу Людмила Иванюк, студентхэр, нэмыкIхэри.

Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан ыцIэкIэ Наталья Широковам шIуфэс гущыIэ къышIыгъ ыкIи мэфэкI Iофтхьабзэр къызэIуихыгъ.

— Аужырэ шапхъэхэм адиштэрэ техникэм Iоф рашIэшъун амал яIэу тиныбжьыкIэхэр едгъэджэнхэм тынаIэ тет. Ащ сыдигъуи чанэу тыдэлажьэ. Непэрэ чемпионатым студентхэм шIэныгъэу аIэкIэлъхэр къыщагъэлъэгъон амал ареты. IофшIэным епхыгъэ гумэкIыгъоу къэуцухэрэм ежь-ежьырэу хэкIыпIэхэр къыфагъотынхэм фегъасэх, — къыIуагъ Наталья Широковам.

Джащ фэдэу шIуфэс гущыIэ къышIыгъ ыкIи Iофтхьабзэр республикэм щызэхэщагъэнымкIэ IэпыIэгъу къафэхъугъэхэм зэрафэразэр къыIуагъ Людмила Иванюк.

1946-рэ илъэсым Испанием «Worldskills» зыфиIорэ движениер щызэхащагъ. IофышIэ сэнэхьатхэм ныбжьыкIэхэм анаIэ атырадзэныр, ахэм нахь ягъэгушIугъэнхэр ары мыщ пшъэрылъ шъхьаIэу иIагъэр. 1947-рэ илъэсым сэнэхьат зэфэшъхьафхэмкIэ ныбжьыкIэхэм шIэныгъэу аIэкIэлъыр къызщагъэлъэгъогъэ зэнэкъокъу апэрэу Мадрид щыкIуагъ.

Уахътэр лъыкIуатэщтыгъэ, движениеми нахь зиушъомбгъугъ, хэгъэгу зэфэшъхьафхэр къыхахьэхэу рагъэжьэ. 2012-рэ илъэсым «Worldskills» зыфиIорэ движениеми Урысыер хэхьэ. Джырэ уахътэм ехъулIэу тикъэралыгъо ишъолъыр 70-р мыщ хэлажьэ. 2016-рэ илъэсым, мэзаем и 11-м къыщегъэжьагъэу Адыгеир ыпэкIэ зигугъу къэтшIыгъэ движениеми хэт.

Мыекъопэ индустриальнэ, Дондуковскэ мэкъумэщ, Красногвардейскэ аграрнэ-промышленнэ, Мыекъопэ политехническэ техникумхэм ыкIи Адыгэ кIэлэегъэджэ колледжым къарыкIыгъэ студентхэр Iофтхьабзэм хэлэжьагъэх.

— Мыщ къэкIонхэм ыпэкIэ зыщеджэрэ чIыпIэхэм ащыкIогъэ зэнэкъокъухэм студентхэм защаушэтыгъ, — къытфеIуатэ Адыгеим щыIэ шъолъыр координационнэ гупчэм ипащэу Анна Пашковам. — Ащ нахь чанэу зыкъызыщызыгъэлъэгъуагъэхэм непэрэ Iофтхьабзэм хэлэжьэнхэ фитыныгъэ къыдахыгъ. Мэкъумэщ хъызмэтым щагъэфедэрэ машинэхэм ягъэIорышIэн, гъучIыр зэрагъэжъэрэ технологиехэм, пщэрыхьан Iофым, автомобильхэм яшIыкIэн ыкIи еджапIэм джыри мыкIорэ сабыйхэм ягъэсэн афэгъэхьыгъэ сэнэхьатхэр къызIэкIэзгъэхьэрэ студентхэр ары мы зэнэкъокъум зыщызыушэтыщтхэр.

ЫпэкIэ къыщытIогъэ лъэныкъо пэпчъ нэбгырэ тфырытф хэлэжьэщт. Ахэм шIэныгъэу аIэкIэлъхэр эксперт зэфэшъхьафхэм ыкIи жюрим ауплъэкIущтых. Лъэныкъо пэпчъ нэбгыритфэу къекIолIагъэхэм ащыщэу зы нэбгырэ ныIэп къыхахыщтыр. Анахь дэгъоу зыкъэзыгъэлъэгъогъэ студентхэм Къыблэ федеральнэ шъолъырым мэлылъфэгъум щыкIощт зэнэкъокъум Адыгеир ащагъэлъэгъощт.

**ГЪОНЭЖЬЫКЪО Сэтэнай.**

### ШъунаIэ тешъудз

Федеральнэ къэралыгъо бюджет учреждениеу «Темыр-Кавказ УГМС-р» зыфиIорэм къызэритыгъэмкIэ, гъэтхапэм и 11-м пчэдыжьым Адыгэ Республикэм градуси 2-м нэсэу къыщыучъыIыщт.

ЗэренэгуехэрэмкIэ, мэкъумэщ культурэхэм, джащ фэдэу пхъэгулъ, хьырцэ, абрикос зыфэпIощтхэм афэдэхэу къэтIэмыгъэхэм зэрар ахьын алъэкIыщт.

ПЕНСИЕХЭМКIЭ ФОНДЫМ КЪЕТЫ

# Фэдиз къыхэхъо

**2016-рэ илъэсым ищылэ мазэ и 1-м ехъулIэу Пенсиехэмкlэ фондым и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм къызэрилъытагъэмкlэ, анибжь илъэс 80-м ехъугъэу Адыгеим нэбгырэ 12623-рэ щэпсэу. Ахэм ащыщэу 9303-р бзылъфыгъ. А ныбжьым нэсыгъэхэм ащыщэу джыри IофшIапIэхэм аIут нэбгырэ 279-м инахьыбэр, нэбгыри 142-р — бзылъфыгъ.**

Законым къызэрэдилъытэрэм тетэу, пенсионерым ыныбжь илъэс 80-м зышIокIыкIэ ащ ипенсие къаIэты. НэмыкIхэм япенсиехэм ястраховой Iахьэу гъэнэфагъэр сомэ 4558,93-мэ, ащ фэдиз къыхэхъошъ, страховой Iахьыр сомэ 9117,86-рэ мэхъу. Пенсием къыхэхъоным пае Пенсиехэмкlэ фондым ичIыпIэ къутамэ уекIолIэнэу зэримыщыкIагъэр къыхэдгъэщымэ тшIоигъу. Пенсием фэдиз къыхэгъэхъуагъэу къызэратыхэрэр зыныбжь илъэс 80-м ехъугъэхэмрэ апэрэ купым хэхьэрэ сэкъатныгъэ зиIэхэмрэ. А купым хахьэу зыныбжь илъэс 80-м ехъугъэм ипенсие къаIэтыщтэп, сыда пIомэ ащ хэгъэхъогъахэу къыраты.

Джащ фэдэу зыныбжь илъэс 80-м ехъугъэ пенсионерым зыгорэ лъэплъэмэ, ащ ахъщэ тынэу сомэ 1200-рэ фагъэнэфэнэу законым къыщыдэлъытагъ. Ау ар къызэратыщтыр IофшIапIэ Iумытэу, цIыфхэм IофшIэн ягъэгъотыгъэнымкIэ къулыкъум иучет хэмытэу ыкIи пенсие къызэрамытырэр ары. НэжъIужъэу зылъыплъэнэу, ахъщэ тыныр зыфагъэнэфэщтыр иунагъо щыщыныр шIокI зимыIэ Iофэу щытэп. Компенсациер агъэнэфэным пае:

**— Iоф ышIэн амал зимыIэм улъыплъэнэу зыщебгъэжьэгъэ уахътэр зыщыгъэнэфэгъэ тхылъыр;**

**— паспортыр;**

**— трудовой книжкэр;**

**— цIыфхэм IофшIэпIэ чIыпIэхэр ягъэгъотыгъэнымкIэ къулыкъум иучет узэрэхэмытыр къэзыушыхьатырэ тхылъыр;**

**— зыгорэкIэ устудентмэ, ар къэзыушыхьатырэ тхылъыр.**

**Ахэр зэкIэ Пенсиехэмкlэ фондым ичIыпIэ къутамэу о узыхахьэрэм епхьылIэнхэ фае.**

## Анахь шъхьаIэхэр

УФ-м Пенсиехэмкlэ ифонд и Къутамэу АР-м щыIэм Джэджэ районымкlэ икъутамэ испециалистхэр лъэныкъо зэфэшъхьафхэмкlэ къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фашIэхэр зыщагъэцэкIэхэрэ Гупчэу мы район дэдэм итым щыIагъэх.

УПРФ-м цIыфхэм Iоф адэшIэгъэнымкIэ икъулыкъу испециалист шъхьаIэу Зоя Селинамрэ пенсиехэм ягъэнэфэнкIэ, якъэлъытэжьынкIэ ыкIи ятынкIэ отделым испециалистэу Александр Гусевымрэ пенсиехэм ягъэпсынкIэ анахь шъхьаIэу унаIэ зытетын фаехэр къаIотагъэх. Нахьыбэу зытегущыIагъэхэр IофшIэпIэ чIыпIэхэм аIут пенсионерхэм япенсиехэм ястраховой Iахь игъэнэфэнкIэ шэпхъакIэу щыIэхэр, пенсиер зыщызэIукIэрэм игъэпсин, ны мылъкум къыхэхыгъэ зэтыгъо ахъщэ тыным пае цIыфхэм агъэцэкIэн фэе шапхъэхэр арых.

# ЦIыфхэр рагъэблэгъэщтых

Пенсиехэмкlэ фондым и ГъэIорышIапIэу АР-м щыIэм иклиентскэ къулыкъу испециалистхэм зэряхабзэу, гъэтхэпэ мазэм псэупIэхэр къакIухьэхэзэ цIыфхэр рагъэблэгъэщтых.

**Кощхьэблэ районымкIэ къутамэм испециалистхэр гъэтхапэм и 4-м, сыхьатыр 10.00 — 11.00-м къуаджэу Фэдз щыIэщтых, псэупIэ кой администрациер ары цIыфхэр зэрагъэблэгъэщтхэр.**

**Джэджэ районымкIэ къутамэм иIофышIэхэм гъэтхапэм и 10-м, сыхьатыр 14.00 — 15.00-м поселкэу Гончарка зыфиIорэм Iоф щашIэщт, почтэм иунэу ащ дэтым рагъэблэгъэщтых.**

**Тэхъутэмыкъое район къутамэм испециалистхэр гъэтхапэм и 15-м, сыхьатыр 11.15 — 12.15-м АдыгеякIэм дэт гурыт еджапIэм, сыхьатыр 12.30 — 13.30-м къуаджэу Бжыхьэкъуае ипсэупIэ кой администрацие ащыIэщтых.**

**Красногвардейскэ район къутамэм испециалистхэм гъэтхапэм и 18-м, сыхьатыр 10.00 — 11.00-м псэупIэ кой администрациеу селоу Садовое зыфиIорэм, сыхьатыр 11.15 — 12.15-м къуаджэу Бжъэдыгъухьаблэ почтэм иунэу дэтым цIыфхэр арагъэблэгъэщтых.**

**Шэуджэн районымкIэ къутамэм иклиентскэ къулыкъу гъэтхапэм и 22-м, сыхьатыр 10.00 — 11.00-м къутырэу Чернышевым щыIэщт, почтэм иунэу ащ дэтыр ары зэрагъэблэгъэщтхэр.**

**Мыекъопэ районымкIэ къутамэм испециалистхэр гъэтхапэм и 25-м, сыхьатыр 10.00 — 11.00-м станицэу Кужорскэм щыIэщтых, администрацием иунэу ащ дэтым цIыфхэр рагъэблэгъэщтых.**

# Ижэбзэ дахэ сымаджэхэмкIэ тиIэзэгъу...



Непэрэ мафэм лъэхьанэу тызхэтыр псынкIэп. Iэзэгъу уцхэм, коммунальнэ фэIо-фашIэхэм ауасэ къахэхъо зэпыт. Ащ фэдэ щыIэкIэ къиным Iэдэбныгъэмрэ жэбзэ дахэмрэ Iэзэгъушхо къытфэхъу.

Непэ зигугъу къэсшIы сшIоигъо бзылъфыгъэр илъэс 25-м ехъугъ республикэ сымэджэщым медсестрау Iоф зыщишIэрэр. Ащ шъхьэкIэфэныгъэшхо сымаджэхэм апегъохы. Iэшъынэ Рае Рэмэзанэ ыпхъур сыдигъокIи жэбзэ дахэкIэ къеолIэрэ цIыфхэм апэгъокIы. Сымэджэ нэбгырэ 32-у зыфэгъэзагъэм зэрифэшъуашэу IэпыIэгъу афэхъу. ИIофшIэн чанэу зэригъэцакIэрэм фэшI бэмышIэу Урысыем псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ Щытхъу тхылъ къыфигъэшъошагъ. Джырэ уахътэ апэрэ разряд иI ыкIи IофшIэным иветеран къыратыгъ.

Рае 1967-рэ илъэсым Теуцожь районым ит къуаджэхэм ащыщэу Нэчэрэзые къыщыхъугъ. Бэгъмэ яунэгъо Iужъу бзылъфыгъэр къихъухьагъ. ЗэкIэмкIи нэбгыри 6 ахэр хъущтыгъэх. Ятэу Рэмэзанэрэ янэу Тэмарэрэ егъашIэм колхозым чанэу щылажьэхэзэ пенсием кIуагъэх.

Гурыт еджапIэр дэгъоу къызеухым, Мыекъуапэ дэт медицинэ колледжым чIэхьагъ. Еджэгъу илъэсхэр зызэренэкIы нэуж, зыкIэхьопсыщтыгъэ сэнэхьатыр зэригъэгъотыгъэу ыпэкIэ зигугъу къэтшIыгъэ сымэджэщым ихирургическэ отделение Iоф щишIэнэу Iохьэ.

— Сэщ фэдэу яIофшIэн чанэу зыгъэцакIэу, сыдигъуи IэпыIэгъу къысфэхъухэрэм мэфэкI мафэу къэблагъэрэм ехъулIэу ацIэхэр къаслo сшIоигъу: зэшыпхъухэу Чырджын Марин, Дана, Апсалям Марин, Нэгъой Свет, Къорадэ Сусанн, Беслъангъур Замир, нэмыкIхэри, — игущыIэ къыщыхигъэщыгъ Рае.

Раерэ ишъхьэгъусэу Аминэрэ пшъэшъитIу зэдагъотыгъ. Ирэ модельерэу, Маринэ парикмахерэу джырэ уахътэм Iоф ашIэ.

Зыцlэ къетIогъэ бзылъфыгъэхэм ямэфэкI мафэ ехъулIэу сыгу къыздеIэу сафэгушIо. Псауныгъэ пытэ яIэу, шIоу щыIэр зэкIэ къадэхъунэу, яIофшIэни гухахьо хагъуатэзэ лэжьэнхэу афэсэIо.

***КЪАДЭ Мухьдин.***

Адыгэкъал.

КЪУАДЖЭМЭ КЪАЩЕКIОКIЫРЭ КЪЭБАРХЭР



# КъызэрикIыжьыгъэхэр слъэгъугъэп

Нэхъу IофшIэным фэсэмэгу, еIэбэхэу пхъапэ къыштэрэп, «IофшIэн щыIэу ышIагъэмэ зыкъаригъэлъфыныеп» зыфаIорэм фэд, гъэчъыи нахьыбэ фаеп. Къиныщхо хэтыр ишъхьэгъусэу Кокой, ежь иIофшIэнхэри лIым ышIэн фаехэри зэдегъэцакIэх, шъузабэм фэд.

Нэхъу игъунэгъоу щыт трактор бригадэм ибригадирэу Гощыкъо Асхьад зэкIэ ахэр елъэгъух, Кокой ыгу егъу. Пчэдыжь горэм бригадэм Нэхъу аригъэщагъ.

— Сигъунэгъу, чэщ къэрэгъулэу трактор бригадэм уфэсшы сшIоигъу, ыIуагъ ащ. — ХьалыгъусэтIэкIу нэмыIэми къэбгъэхъэн. УкъеуцуалIэмэ нычэпэ IофшIэныр ебгъэжьэщт.

— Цыхьэ къысфэошIымэ сыкъезэгъы, игъу нахь игъуаджэп, зыгори къэзгъэхъэн, сшIэщтыр къысаIу, — къыритыжьыгъ Нэхъу джэуап.

— УпIэхъупхъ, Iофым ащ лъыпытэу уегупшысагъ, сызэрэпхаплъэрэмкIэ къэрэгъулэ дэгъу ухъущт, — ыIуагъ Асхьад. — Сэ тIэкIушъокIухэм сыпфяплъынышъ, нахьыбэ лэжьапкIэ къэбгъэхъэнэу сшIыщт, зэкIэри къыозгъэлъэгъущт. Мы унэм трактормэр щагъэуцIэжьых, IункIыбзэр къыосэты, зы нэбгырэ чIэбгъахьэ хъущтэп, чэщырэ лъэшэу унаIэ тегъэт. Сэ сыщымыIэу сыд фэдэрэ уахъти къафыIумых, Iофхэм сащыгъэгъуазээ шIы. Мары къэрэгъулэ унэр. Мыр кIопIэ-чъапIэ ямыгъэшI, къакIорэр фыкIаеу фы. Тракторэу, комбайнэу, нэмыкI машинэу мыщ тетхэм унаIэ атегъэт, афэсакъ, чэщырэ умычъый, къэбгъэгъунэрэр зэкIэри къэкIухь, къэплъыхь.

Бригадирымрэ къэрэгъулэмрэ псынкIэу зэгурыIуагъэх ыкIи зэзэгъыгъэх, зэфэразэхэу зэбгъодэкIыжьыгъэх. Нэхъу иIэнатIэ кIэгушIу, IункIыбзэ зэхэпхагъэхэр иджыбэ къырехышъ, мэкъэшхо пыIукIэу егъэджэгу, зышIошIыжьы. ИIофшIэн ыухыми ядэжь кIожьыным дэхъыжьэрэп, ашIэн фаеба лIым IэнатIэу иIэр.

— Сэмэркъэоп ныIа мыщ фэдиз мэкъумэщ техникэр пIэ къыралъхьаныр, апэ къифэрэ пэпчъ ащкIэ цыхьэ фашIырэп, — егупшысэ Нэхъу.

ТхьамэфитIу фэдиз тешIагъ, зыпари хъугъэ-шIагъэ щыIэп. Пындж IоныгъорнмакIо, пчыхьэрэ комбайнэхэр, тракторхэр бригадэм къырафылIэжьых. Ахэм Нэхъу альэплъэ, пэгэ-пагэу макIо. Пчыхьэ горэм, кIасэ хъугъэу, Пэхъурэ Тыу цIыкIурэ бригадэм къэкIуагъэх шъон тIэкIу зыдаIыгъэу. Пэхъу лIы рэхьат, ау Тыу цIыкIу уапэ къэкIынкIэ шIоп, мыгъо, бзэгуъ, непэ пшIэ нэмыIэмэ чылэр къызэпечъыхьэ, пцIыхэр еусых, Iоф зимыIахэхэр зэфегъэгубжых. Нэхъу иIэнатIэ пае ешъуагъэх, ехъохъугъэх. Къэрэгъулэм чэф иIэ зэхъум, Тыу ар ыгъэфеди къызфэкIуагъэхэр къыIуагъ. Агъунэрэ комбайнэм ибункер изэу пындж илъ, ар IэкIоцI шIыгъэн фае. Нэхъу къэщтагъ. Тыгъон Iофыр къекIугъахэп, ащ фэдэм ыIэ есагъэп.

— ЫIэ зыхэлъым хэти къыхегъэкIы, ори Iахьынчъэ ухъущтэп, — ыIуагъ Тыу цIыкIу.

Нэхъу ащ ригъэнэцIыгъ. Чэщым зэныбджэгъухэм бункерыр аунэкIыгъ. Пчэдыжьым бырсырышхо бригадэм къытетэджагъ, тыгъуакIохэм ацIэ къыIонэу Нэхъу рагъэзыгъ. Ежь делэ шъыпкъэ зишIыгъ.

— Зыгорэхэр бункерым ихьэу слъэгъугъэ, ау къызэрикIыжьыгъэхэр слъэгъугъэп, — ыIуагъ ащ.

ЫIуагъэм сыд зэхьуи афытекIыгъэп, ау а мафэм къыщыублагъэу къэрэгъулэ IофшIэнри Нэхъу ыухыгъ.

***ХЪУЩТ Щэбан.***

ДЗЮДО

# Джэрз медалым къыщыуцущтэп

**Урысыем дзюдомкIэ изэнэкъокъоу Ростов-на-Дону щыкIуагъэм Щыгъущэ Амир ящэнэрэ чIыпIэр къыщыдихыгъ. Нарт шъаом Мыекъуапэ къызегъэзэжьым, итренерэу Роман Оробцовыр игъусэу гущыIэгъу тыфэхъугъ.**

— Килограмм 66-м нэс къэзыщэчырэмэ якуп бэнэкIо 66-рэ щызэнэкъокъугъ, — къеIуатэ Роман Оробцовым. — Щыгъущэ Амир зэIукIэгъуи 7 алырэгъум щыриIагъ, 6-р къыхьыгъ. Ящэнэрэ бэнэгъоу Мордовием къикIыгъэм фыриIагъэр дэгъоу ригъэжьэгъагъ, ау текIоныгъэр къыщыдихын ылъэкIыгъэп. Амир зэIукIэгъур зэрэшIуахьыгъэм пае ыгу ыгъэкIодыгъэп, бэнэгъу пэпчъ къулайныгъэр фэIэпэIасэу щигъэфедагъ.

— Чэчэным, Дагъыстан, Москва, Краснодар ыкIи Красноярскэ крайхэм яспортсменхэм атекIуи, ящэнэрэ чIыпIэм икъыдэхын фэгъэхьыгъэ бэнэгъум Москва къикIыгъэ спортсмен цIэрыIом щыIукIагъ, — зэдэгущыIэгъур лъегъэкIуатэ Р. Оробцовым. — Урысыем, дунаим яныбжьыкIэхэм язэнэкъокъухэм Москва щыщ кIалэм дышъэ медальхэр къащыдихыгъэх. СамбэмкIи ар мэбанэ, дунаим имедаль шъхьаIэхэр къыфагъэшъошагъэх.

— Урысыем изэнэкъокъу ухэлажьэ зыхъукIэ, бэнэгъу псынкIэ уиIэщтэп. ЗыпшIуахьыкIэ укъызэрэхэзыщтыр пэшIорыгъэшъэу ошIэ, — къеIуатэ Щыгъущэ Амир. — Тхьаегъэпсэух тренер-кIэлэегъаджэхэр, къысфэгумэкIхэу Iэгу къысфытеощтыгъэхэр, мэкъэ лъэшкIэ къысэкуохэзэ зыгорэхэр къысэзыIощтыгъэхэр.

**— Амир, бэнапIэм гущыIэу щызэхэпхырэр макIэп. КъэошIэжьыха макъэхэр?**

— Синыбджэгъухэм, тренерхэм ягущыIэхэр зыми хэзгъэкIуакIэхэрэп, гъунэ имыIэу сафэраз.

**— Дзюдом текIоныгъэр къыщыдэхыгъошIоп. Спорт лъэпкъ дахэу зэрэщытым дакIоу, акъылэу хэпхырэр макIэп.**

— НэгъэупIэпIэгъум къыкIоцI бэнапIэм щыбгъэцэкIэн плъэкIыщтыр бэ. КIуачIэмрэ къулайныгъэмрэ зэгъусэхэу огъэфедэх. ПсынкIэу угупшысэн, хэкIыпIэ анахь дэгъур къэбгъотыныр пшъэрылъ шъхьаIэхэм ащыщ.

**— Урысыем икIэлэеджакIохэм я Спартакиадэ ящэнэрэ чIыпIэр, Къыблэ шъолъырым дышъэ медалыр нахьыпэкIэ къащыдэпхыгъэх. Юристэу уеджэ. Спортымрэ гъэсэныгъэмрэ язэпхыныгъэхэм сыда къяпIолIэщтыр?**

— Адыгэ къэралыгъо университетым и МГГТК сыщеджэ. Спортым шIэныгъэу къыуитырэр лые хъущтэп. Юристым щыIэныгъэм дэгъоу зыфигъэхьазырын фаеу сикIэлэегъаджэхэм къысаIо.

**— Спортым пшынахьыжъэу Адами пылъ, дзюдомкIэ мэбанэ. Уянэ-уятэхэм къыбдырагъашта?**

— Сятэу Байзэти, сянэу Назрэти спортышхор ашIогъэшIэгъон. Апэрэ классым сыщеджэзэ сиIахьылхэм тренерэу Роман Оробцовым ыдэжь сащи, дзюдомкIэ сыбанэу езгъэжьагъ.

**— Еджэнымрэ спортымрэ зэдэпхьынхэр**



**зэрэкъиныр сэшIэ. УиIофхэр къэзыгъэпсынкIэхэрэр къытаIоба.**

— Сянэ-сятэхэм, синыбджэгъухэм ялъытыгъэр бэ. Ахэр сигъусэх, IэпыIэгъу къысфэхъух. Къысэушъыйхэу уахътэ къысэкIу... Тренер-кIэлэегъаджэхэр упчIэжьэгъу сэшIых. Сытхьаусыхэрэп, ау къиныгъуабэ зэпысчыгъэшъ, IэпыIэгъу къысфэхъугъэхэм сафэраз. Джырэ уахътэ ситренерхэр Роман Оробцовымрэ Беданэкъо Рэмэзанрэ.

**— Мэшэлахь, зэшитф шъохъу, адыгабзэкIэ дэгъоу шъогущыIэ.**

— Мыекъуапэ тыщапIугъ. КIэлэцIыкIу IыгъыпIэм тыкъикIыжьмэ, унагъом адыгабзэкIэ тыщыгущыIэщтыгъ. Сятэ кIэлэегъаджэм фэдэу къысиIохэрэр сщыгъупшэхэрэп.

**— Амир, тизэдэгущыIэгъу зыщытыухыщтым сиупчIэхэр уимурадхэм афэгъэхьыгъэх.**

— Урысыем иныбжьыкIэ хэшыпыкIыгъэ командэ сыхэтэу медальхэм сафэбэнэщт. Адыгэ Республикэр мыгъэ илъэс 25-рэ хъущт. Юбилей зэхахьэхэм, адыгэ быракъым, адыгэ шъуашэм, нэмыкIхэм афэгъэхьыгъэ мэфэкIхэм тиеджапIэ ахэлэжьэщт. Ащ фэдэ мафэхэр сшIогъэшIэгъоных, сыгукIэ зафэсэгъэхьазыры.

**— Уимурадхэр къыбдэхъунхэу сыпфэлъаIо.**

— Тхьауегъэпсэу.

Сурэтым итхэр: **Роман Оробцовымрэ Щыгъущэ Амиррэ.**

ТЕАТРЭР

# Псэлъыхъохэм уахэдэныр къина?



**Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ театрэу Цэй Ибрахьимэ ыцIэкIэ щытым джырэблагъэ къэгъэлъэгъонэу щыкIуагъэхэр лъэпкъ искусствэм шIукIэ щашIэх. «Дэхэбаринэ ихьакIэщ» ыкIи «Сомэ мин 600» зыфиIохэрэм ашIогъэшIэгъонэу нэбгырабэ яплъыгъ.**



«Дэхэбаринэ ихьакIэщи», «Сомэ мин 600-ри» шIулъэгъум ехьылIагъэх, комедием ишапхъэхэм арытых. Пшъашъэм псэлъыхъуабэ иIэ зыхъукIэ, сыдэущтэу ахэдэщта? Дэхэбаринэ иролъ къэзышIырэ артисткэ цIэрыIоу Кушъу Светланэ унагъо ихьэ зышIоигъо пшъашъэр шIулъэгъу къабзэм зэрежэрэр IупкIэу къызэIуехы. ШIулъэгъу къыфэзышIын зымылъэкIыгъэ псэлъыхъор егъэмысэ, шъхьэихыгъэу дэгущыIэн елъэкIы.

«Сомэ мин 600-м» хэлэжьэрэ З. Джымэр янэ-ятэхэм ямыдэIоу хэкIыпIэ къегъоты. Артисткэр дахэу къэшъо, губзыгъэу зэрэщытыр къыхэщы, шIомыгъэшIэгъон псэлъыхъом риIощтыр псынкIэу къегъоты. Псэлъыхъо къыфакIохэрэм унагъо зимыIэ ахэтэп, ащ спектаклэр къегъэбаи, бзылъфыгъэхэр яунагъо игъэпытэн зэрэпылъынхэ фаем урегъэгупшысэ. Артисткэхэу М. Зыхьэм, М. Уджыхъум, Р. КIэмэщым, С. Кушъум яролъхэм псэ къапагъакIэ.

*Сурэтыр къэгъэлъэгъонэу «Сомэ мин 600-м» къыщытетхыгъ.*

ФУТБОЛ

# «Зэкъошныгъэм» иуплъэкIунхэр



**«Торпедо» Ермэлхьабл — «Зэкъошныгъ» Мыекъуапэ — 1:0.**
**Ермэлхьаблэ ныбджэгъу ешIэгъур щыкIуагъ.**
**«Зэкъошныгъ»: Шэуджэн, Ахмедханов, Мыкъо, Полекутин, Абазэ, Датхъужъ, Къонэ, Кавтарадзе, Туаев, Къэжьар, Мэщыкъу.**
**Манченкэр, Маренич, нэмыкIхэри ятIонэрэ едзыгъом ешIапIэм къихьагъэх.**
**Къэлапчъэм Iэгуаор дэзыдзагъэр: С. Мирошниченко — 78.**

«Зэкъошныгъэм» илъэс ешIэгъум зыфигъэхьазырзэ, ныбджэгъу зэIукIэгъоу Ермэлхьаблэ щыриIагъэр гъэшIэгъонэу кIуагъэ. «Торпедэр» Урысыем иапэрэ куп хэт, «Зэкъошныгъэр» ятIонэрэм щешIэ, клубым идиректор шъхьаIэу Натхъо Адамэ къызэрэтиIуагъэу, тифутболистхэм ухьазырыныгъэ дэгъу къагъэлъэгъуагъ. Къэлапчъэ Iутэу Шэуджэныр, ыпэкIэ щешIэрэ Мэщыкъор Къэбэртэе-Бэлъкъарым къикIыгъэх, яIэпэIэсэныгъэкIэ къахэщых. «Зэкъошныгъэм» илъэс заулэ хъугъэу хэтхэм ащыщэу Датхъужъыр гупчэм дэгъоу щешIагъ. Тикомандэ ауж къинэрэмэ къахэкIыжьыным ишъыпкъэу пылъ.

С. Мирошниченкэр тиреспубликэ щапIугъ, «Зэкъошныгъэм» щешIэщтыгъ. Тазырыр ыгъэцакIи Сергей тикъэлапчъэ къызыдэом, хъагъэм Iэгуаор къыридзагъ, 1:0-у «Торпедэм» текIоныгъэр къыдихыгъ.

Шэмбэт мафэм «Зэкъошныгъэр» Крымскэ щыIукIэщт Москва хэкум икомандэхэм ащыщ. Хэгъэгум изэнэкъокъу мэлылъфэгъум и 3-м «Зэкъошныгъэм» ригъэжьэщт.

*Нэкlубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэр ыкIи къыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур. Крестьянскэр, 236

**Редакциер зыдэщыIэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:**
**adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр
**ПИ №ТУ23-00916**

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**ЗэкIэмкIи пчъагъэр 5063**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 113**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00

Редактор шъхьаIэр
**Дэрбэ Тимур**

Редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр
**МэщлIэкъо Саид**

ПшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр
**Гъогъо Зара**